

## Atikilasyon:

Atikilasyon refere sou jan pitit-ou di son nan yon lang. Langaj pitit-ou kapab difisil pou konprann paske li pwononse son-yo yon fason ki pa kòrèk. Se patikilarite aprantisaj yon dezyèm lang ki kapab lakòz diferans nan pwononse son-yo.

### Sa yon moun kap aprann yon dezyèm lang kapab espere:

- **Timoun kap aprann angle kòm yon dezyèm lang souvan pwononse mo angle yon lòt jan ki pa menm ak moun ki pale angle sèlman.** Moun kap aprann yon dezyèm lang gen yon gwo travay pou yo fè pou aprann sistèm son ki kapab pa menm ak sistèm son prenmye lang-yo. Egzanp, lèt “v” nan pifò dyalèk espayòl pwononse tankou “b” an angle. Kifè, yon timoun kap aprann pale angle kapab di natirèlman “I love you bery much.” Sa pa reprezante yon pwoblèm atikilasyon, men pito, diferans nan pwodiksyon yon son.
- **Alòske timoun kapab melanje son chak lang okòmansman, lè yo kòmanse pale yo aprann vit ki jan pou yo fè diferans son ki ale nan chak lang.** Timoun ki ekspozè tande de lang anmenmtan depi yo tibebe, dabitid kapab fè diferans son ki pale nan chak lang lè yo rive twazan (3). Sepandan, selon tan timoun-nan ekspozè ak chak lang, gen timoun ki kontinye melanje son jouk yo rive laj 4 oswa 5 an .
- **Timoun ki gen enfeksyon kwonnik nan zòrey kapab gen plis difikilte pou aprann sistèm son-yo paske timoun-sa-yo pèdi tanzantan kapasite pou yo tande byen.** Sa kapab gen yon enpak sou tout langaj-yo.

### Konsèy pou lafanmi nan levasyon timoun:

Abitid kèk fanmi kapab lakòz langaj ki pa klè. Egzanp, itilize yon bibwon oswa yon sison apre dezan (2) kapab lakòz feblès nan misk bouch, ki ka koze langaj ki pa klè. Konsidere fè pitit-ou bwè nan yon tas/gode oswa ak yon chalimo pase nan yon bibwon.

Entwodi divès kalite manje, tankou manje ki kraze ak yon bwi sèk epi ki kole anba dan epi ki fè misk bouch egzèsè piplis. Abitid sa-yo va bay misk bouch-la plis fòs sa ki va ogmante chans pou pitit-ou pale klèman.

## Fasilite Langaj:

Fasilite langaj refere ak regilarite pwodiksyon langaj pitit-ou. Fasilite langaj ki pa regilye – oswa bege jan yo rele li abityèlman – kapab enkli sèten bagay tankou repetisyon sèten silab, mo, oswa fraz; pwolonje sèten son nan langaj pale oswa ezitasyon ki pa abityèl ant mo. Se diferans-sa-yo nan fasilite langaj ki kapab soti nan patikilarite aprantisaj yon dezyèm lang.

### Sa yon moun kap aprann yon dezyèm lang kapab espere:

- **Pifò moun ki pale angle sèlman fè eksperyans sèten pwoblèm avèk fasilite langaj, ofiamezi yap aprann lang-nan.** Se nòminal pou pwoblèm-sa-yo rive ant laj 2 ak 5 ane, epi pwoblèm fasilite langaj ale epi tounen. Fasilite langaj ki pa regilye se yon siy timoun-nan ap aprann sèvi ak langaj nan yon jan nouvo. Si pwoblèm fasilite langaj disparèt pandan plizyè semenn epi yo tounen ankò, timoun-nan kapab senpleman pase nan yon lòt faz aprantisaj lang-nan.
- **Lè timoun ap aprann nouvo mo vokabilè, yo kapab ezite yon moman konsa yo kapab trete enfòmasyon-an epi sonje mo espesifik-la.** Yo pa dwe konfonn yon twoub nan fasilite langaj avèk pwoblèm ki lakòz yon mank vokabilè.
- **Moun kap aprann yon dezyèm lang kapab ezite lè yap pale paske yap panse ki jan pou yo ranje mo-yo ansanm.** Sa fè pati etap nòminal aprann yon dezyèm lang epi se pa yon twoub ak langaj pale.

### Konsèy pou lafanmi nan levasyon timoun:

Lè pitit-ou ap pale avè w oswa poze ou keksyon, seye fè yon pòz pandan yon segonn oswa anvan ou bay yon repons. Sa va ede fè pale pi poze epi pi relaks. Pitit-ou va imite abitid-ou pou poze anvan epi pale apre, sa va ede pitit-ou pwodwi fasilite nan langaj pale-li.

Seye prevwa yon tan pou konvèsasyon toulejou.

## Vwa:

Pwoblèm nan vwa refere sou fason moun kap koute pitit-ou tande-li. Kalite nan vwa tankou vwa anwe (sonnen tankou vwa wòk), pale nan nen (pale kòm si nen-an bouche), oswa pale kòm si moun-nan ap respire byen fò (pale ak twòp lè kap chape) ka sonnen tankou on bagay ki pa fèt dabitid. Ton (wo oswa ba) ak entansite (fò) vwa pitit-ou ka sonnen diferan. Enfliyans yon dezyèm lang kapab lakòz.

### Sa yon moun kap aprann yon dezyèm lang kapab espere:

- **Gen diferans kiltirèl nan fason yo itilize son vwa, ton ak entansite vwa.** Egzanp, pale nan nen konsidere nòminal nan yon tradisyon/kilti alòske yon lòt konsidere li pa nòminal.
- **Yo kapab detekte fasilman yon pwoblèm vwa tankou vwa ki anwe anpil nan kèlkeswa lang timoun-nan pale epi li PA konsidere nòminal.**

### Konsèy pou lafanmi nan levasyon timoun:

Si ou gen enkyetid pou vwa pitit-ou, mande doktè-ou pou yon konsiltasyon konplè pou eliminen tout posiblite yon pwoblèm medikal.



## Si yap fè yon evalyasyon pou pitit-ou pou pwoblèm langaj, atikilasyon, fasilite langaj oswa pou vwa-li:

- Yo dwe evalye abilite timoun ki gen konpetans limite nan lang elèv kòm aprann lang anglé (ELL) swa nan lang natif natal-li swa avèk yon entèprèt antrene men osi evalye timoun-nan nan lang angle pou detèminen si gen yon pwoblèm langaj. Si yo remake erè sèlman lè timoun-nan pale angle, li sanble pwoblèm-la se paske timoun-nan limite nan lang angle men se pa yon pwoblèm atikilasyon. Nan ka pwoblèm fasilite langaj, si yo remake timoun-nan bege sèlman nan lang angle, li sanble pwoblèm-la montre timoun-nan limite nan lang angle. Yo pa kapab konsidere yon timoun gen yon pwoblèm nan vwa si “pwoblèm” yo remake-a sèlman nan angle epi reflete abitid vwa “nòminal” nan prenmye lang-li.
- Kèk elèv ELL kapab gen sèten pwoblèm nan atikilasyon ak nan langaj lè yo teste-yo nan premye lang-yo. Kòm nou diskite deja, pèfòmans-sa-a kapab rezilta yon ralanti nan devlopman prenmye lang-yo lòske timoun-nan kòmanse aprann yon dezyèm lang. Manm ekip evalyasyon-yo dwe konsidere sa avèk atansyon lè yap entèprete rezilta evaliyasyon-an paske pèfòmans-sa-a pa yon endikasyon pwoblèm lang.

- **Konfizyon ak pwonon tankou “he/she,” ase kouran lè timoun-nan ap fè aprantisaj dezyèm lang-lan, sa pa yon siy li gen yon pwoblèm langaj.** Se pito, rezilta eksperyans limite nan sèvi ak dezyèm lang-lan. Eksperyans ak opòtinite pou egzèse se prensipal eleman nan devlopman pwononse pwonon kòrekteman pou moun ki pale yon sèl lang ak moun kap aprann yon dezyèm lang. Egzanp, timoun ki fèt pi ta gen tandans aprann itilize pwonon pi bonnè pase frè ak sè-yo paske yo gen plis chans tandè pwonon-yo itilize nan anpil konvèsasyon ant plizyè moun.

- **Timoun ki enterese nan moun ak nan alantou-yo epi ki renmen pran risk sanble aprann dezyèm lang-lan pi vit pase timoun ki timid epi ki enterese sèlman nan yo-menm.** Karakteristik pèsonnalite-sa-yo plis mennen timoun-nan nan direksyon dezyèm lang-lan epi kreye plis okazyon pou timoun-nan pratike lang-nan.

- **Souvan timoun transfere règ gramè prenmye lang-lan nan dezyèm lang-lan.** Se yon etap nòmal e se pa yon ka kote gen pwoblèm langaj. Yon timoun kapab fè yon erè nan gramè angle akòz enfliyans dirèk règ gramè prenmye lang-li. Egzanp, yon timoun kapab di “I want the ball big.”

- **Ajoute mo yon lang nan fraz yon lòt lang se yon abitud tipik timoun kap aprann de lang. Sa montre timoun-nan aprann mo-a nan yon lang epi pa nan lòt lang-la.** Se pa yon siy pwoblèm langaj. Jenn timoun gen tandans ajoute mo vokabilè senp yon lang nan yon lòt lang sitou pou klarifye opinyon. Timoun ki gen plis pase nèvan (9) gen tandans chanje lang nan nivo fraz pou kominike siyifikasyon.

## Konsèy pou lafanmi nan levasyon timoun:

**Si manman/papa pale toude lang-yo, itilize ekspresyon konplèt nan yon sèl lang san melanje pou otan de lang-yo nan yon fraz oswa yon lide.**

**Si ou konpetan nan yon lòt lang ki pa angle, kominike ak pitit-ou nan lang sa-a. Sa va bay pitit-ou yon modèl kòrèk pou devlopman langaj epi ede-li vin bileng ki vle di li ka pale de lang.**

**Lòt Resous:**  
**The American Speech and Hearing Association (ASHA)**  
[www.asha.org](http://www.asha.org)  
**The National Clearinghouse for English Language Acquisition and Language Instruction Educational Programs (NCELA)**  
[www.ncela.gwu.edu/](http://www.ncela.gwu.edu/)

**Se moun-sa-yo ki ekri tèks bwochi-sa-a:**  
**Heidi Marie Melius, Ed.D.**  
*Speech/Language Program Specialist*  
 Exceptional Student Learning Support  
**Diane K. Wilen, Ph.D., NCSP**  
*Bilingual School Psychologist*  
 Bilingual/ESOL Department

 **School Board of Broward County, Florida:**  
 Abby M. Freedman, Chair  
 Nora Rupert, Vice Chair  
 Robin Bartleman  
 Heather P. Brinkworth  
 Patricia Good  
 Donna P. Korn  
 Laurie Rich Levinson  
 Ann Murray  
 Dr. Rosalind Osgood

Robert W. Runcie, Superintendent of Schools  
 Konsèy Lekòl Konte Broward, Florid, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jennetik, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board ofri Boy Scouts ak lòt gwoup jèn ki deziyen, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Direktè Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kowòdinatè Distrik-la pou Chans Egal, District's Equity Coordinator /Title IX Coordinator nan nimewo 754-321- 2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA), moun andikape ki bezwen akomodasyon kapab rele depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](http://browardschools.com)

# Sa Fanmi Dwe Konnen Sou Aprann Yon Dezyèm Lang:

**Kisa Moun Kap Aprann Yon Dezyèm Lang Kapab Espere?**



Yon pwojè Bilingual/ESOL Department kreye ansanm ak Exceptional Student Learning Support

**Entwodiksyon:** Pitit-ou ap aprann yon dezyèm lang, ou kapab gen preyokipasyon sou diferans nan fason li konprann oswa pale dezyèm lang-lan. Sepandan, diferans-sa-yo nan langaj-la fè pati nòmal aprantisaj yon dezyèm lang e yo pa dwe konfonn diferans sa-yo ak yon pwoblèm langaj. Bwochi-sa-a va ede-ou idantifye konpòtman nòmal pou devlopman yon dezyèm lang.

**Aprann Yon Dezyèm Lang:** Si yo anseye yon timoun yon dezyèm lang anvan li fin aprann prenmye lang-la nèt, timoun-nan va kòmanse konsantre sou aprann dezyèm lang-lan epi devlopman prenmye lang-lan kapab rete. Kèk timoun kap aprann yon dezyèm lang kapab gen reta nan toude lang-yo pandan yon sèten tan paske prenmye lang-lan kòmanse ap ralanti epi yo poko pale dezyèm lang-lan nan nivo apwopriye pou laj-yo. Se yon faz ki pap dire lontan epi yo konsidere kòm nòmal.

**Sa yon moun kap aprann yon dezyèm lang kap espere:**  
 • **Timoun kap aprann yon dezyèm lang kapab gen sityasyon vokabilè espesifik.** Egzanp, yon timoun kapab itilize epi konprann mo nan prenmye lang-li pou woutin toulejou lakay tankou mo ki tabli rapò ant manm fanmi “brother” oswa “sister,” sityasyon sosyal toulejou, aktivite manje ak abiye. Yo kapab konprann mo angle ki dekri konsèp yo aprann lekòl, tankou koulè, fòm ak chif.

• **Lè timoun fèk ekspoze ak yon dezyèm lang, yo konsantre sou koute.** Timoun-sa-yo souvan rete kalm epi yo pa pale anpil paske yap konsantre sou konprann nouvo lang-lan. Plis timoun-nan piti, plis tan silans-la gen tandans dire. Timoun ki pi gran rete nan tan silans-la pou sèlman kèk mwa, epi timoun-nan ki nan laj ale lekòl kapab rete pi lontan an silans.

• **Timoun bezwen tan pou aprann diferans ki pi konplike ant de lang-yo tankou lòd mo nan fraz.** Dabò, timoun aprann estrikti fraz senp nan toude lang-yo, tankou “I want milk.” Men lè yap kòmanse itilize gramè ki pi konplike, timoun-yo va aprann di fraz ki pi long epi ki pi konplike nan yon lang anvan yon lòt lang.